

**K. Sakap rive si konpòtman pitit mwen pa amelyore?**

Antan ke manm ekip IEP pitit ou an, si ou gen kelkeswa enkyetid osijè konpòtman pitit ki pap amelyore oswa ki kontinye ap entèfere ak edikasyon li, mande yon reyinyon ak manm IEP yo.

Pami kesyon ou ta vle mande yo gen ladann:

- Kilè konpòtman an fèt?
- Sakap fèt anvan pitit mwen reyaji yon fason ki mande metrizel oswa izole?
- ki sòt entèvansyon oswa sipò pou konpòtman pozitif yeseye sou pitit mwen?
- kijan pitit mwen reyaji a entèvansyon say o oswa sipò yo?
- Kisa nou ta ka fè diferan pou ede pitit mwen reyisi pi byen?

**K. Kijan pou mwen konnen règleman distri lekòl mwen an konsènan metriz ak izolman?**

Tout lekòl distri yo oblije bay Depatman Edikasyon la Florid yon kopi règleman ak pwosedi ki adrese fason yo rapòte Ensidan, konpile done epi swiv izaj metriz ak izolman. Ou kab mande pou yo ba w yon kopi règleman ak pwosedi say o nan men biwo distri lokal edikasyon elèv eksepsyonèl la. Wap jwenn enfòmasyon pou kontakte yon an <http://data/fldoe.org/ese/contacts>. Chwazi "Exceptional Student Education Directors" nan lis chwa ka va parèt la, epi klike sou "View contact List."

**K.Si mwen ta gen kesyon oswa enkyetid aprè mwen finn pale ak distri lokal lekòl la, kilès pou mwen kontakte nan Depatman Edikasyon la Florid la?**

Ou ta mèt kontakte Bureau of Exceptional Education ak Student Services nan (850) 245-0475.

**K.Ki kote mwen ka jwenn kopi lwa sa a?**

Wap jwenn kopi lwa sa a si wale an liy Online Sunshine nan <http://www.leg.state.fl.us> epi make nimewo lwa a 1003.573 nan motè rechèch la.

Biwo Exceptional Education and Student Services (BEESS) apiye tout lekòl distri yo ansanm ak tout lezòt nan efò pou bay pwogram edikasyon pou elèv eksepsyonèl yo aje de 3 a 21 lane ki andikape ansanm ak elèv ki dwe yo.

Tout lekòl distri yo ak lekòl yo devlope pwòp pwogram yo pou sèvi elèv liyo fason pi efikas posib. Biwo an bay anplwaye lekòl yo, administrate distri yo ak zòt fòmasyon sou aktyalite ak egzesis sou koze edikasyon; li bay tout distri yo enfòmasyon konsènan lwa leta ak federa ki gen rapò ak edikasyon elèv eksepsyonèl yo; li swiv tout distri yo pou wè si yap swiv lwa yo; li ede rezoud tout konfli ant lekòl distri yo ak fanmi elèv eksepsyonèl yo; epi li bay lòt tip asistans teknik lekòl distri yo bezwen. Biwo a apiye tou, tout aktivite ki ankouraje patisipasyon paran yo ansanm ak kolaborasyon ant paran/ak pwofesyonèl.

Division of Public Schools  
Bureau of Exceptional Education and Student Services  
325 W. Gaines Street, Suite 614  
Tallahassee, Florida 32399-0400  
<http://www.fldoe.org/ese>  
Telefòn: (850) 245-0475  
Fax: (850) 245-0953



Depatman Edikasyon la Florid  
Dr. Eric J. Smith, Komisyonè

Janvyè 2011

313060

Depatman Edikasyon la Florid

**KIJAN YO DOKIMANTE,  
RAPÒTE AK SWIV  
IZOLMAN  
AK METRIZE ELÈV  
ANDIKAPE YO**



**ENFÒMASYON POU PARAN YO**

**LEJISLATI LACHANM 2010 LA FLORID PASE  
LWA 1073, KI KREYE SEKSYON 1003.573 NAN  
LWA LA FLORID YO, KI JAN POU YO IZOLE AK  
METRIZE ELÈV ANDIKAPE YO.**

Lwa a etabli kijan pou yo dokinate, rapòte ak swiv tout egzijans nesèsè yo pou izole ak metrize elèv andikape yo. Dokiman sa a konsantre sou kesyon paran yo poze souvan osije elèv andikape yo.



**K.Eske lwa sa a aplike pou tout elèv yo?**

Non. Lwa sa a aplike pou elèv andikape yo sèlman kap swiv yon plan edikasyonèl endividyèl (IEP) oswa yon an plan 504 la.

**K.Eske lwa sa a sispann izolman ak metrize?**

Non. Lwa a pa entèdi pou yo sèvi ak kontwòl fizik oswa izolman.

**K.Eske gen restriksyon nan izaj metrize ak izolman?**

Wi. Yo entèdi tout zak kontwòl ki anpeche elèv la respire. Epi tou, yo pakab fèmenl, blokel oswa kletel nan yon chanm san limyeki pa reyini tout egzijans Ponpye Leta a.

**K.Kijan definisyon yo bay metrize ak izolman?**


Nouvò lwa pa bay definisyon metrize oswa izolman. Mèzalò, Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Lèzetazini (OCR) bay definisyon an. Definisyon OCR sèvi pou dokimante, rapòte ak swiv tout egzijans la lwa yo. Yo se:

**Aparèy Mekanik pou Metrize:** Izaj nenpòt ki aparèy oswa dispozitif ki metrize mouvman yon elèv. Li pa enklid dispozitif ke yon pwofesyonèl nan branch medikal ta preskri oswa sèvis pwofesyonèl medikal. Epi tou se pou aparèy sa yo apwouve kankou:

- Aparèy pou ajiste oswa sipò mekanik yo ki sèvi pou byen chita ko a, balans, oswa aliyen pou pèmèt plis mobilite posib san
- Sèvi ak dispozitif sa yo oswa sipò mekanik yo.
- Aparèy pou deplasman nan machinn ke yo itilize jan pou fèt la pou transpòte elèv nan yon machinn kap woule.
- Kontwòl pou imobilizasyon medikal
- Aparèy òtopedik ki preskri pou pèmèt elèv la patisipe nan aktivite yo san li pa kouri ris pran bòt.

**Metriz Fizik:** Fòs fizik ki anpeche oswa redwi kapasite elèv la pou li deplase tòs li, bra li yo, janm li yo oswa tèt li libè. Tèm la pa enplike yon eskòt fizik. Eskòt fizik vle di fè yon ti manyen oswa kenbe men, ponyèt, bra, zepòl oubyen do pou endwi yon elèv kab bay pwoblèm pou ale nan yon lòt lokasyon pi si.

**Izolman:** Fèmen yon elèv poukont li nan yon chanm oswa zòn ke li entèdi kite kont volontel. Sa pa vle di voye elèv la opikè, sa se yon teknik pou jere konpòtman ki fè pati yon pwogram apwouve. Izolman se yon separasyon siveye elèv la nan yon kote ki pa klete, e yo pratikel pou kalme elèv la.



**K.Kijan yap fèmen konnen si pitit mwen metrize oswa izole?**

Si yo metrize oswa izole pitit ou, ou kab atann ou a:

- Avi alekri menm jou sa fèt la.
  - Lekòl la ap eseye telefonnen ou oswa voye yon e-mail ba w
- Wap resevwa yon rapò sou ensidan kit e fèt la pa lapòs; yo fèt pou voye rapò sa a ba w nan lespas de twa jou apati di moman ensidan an te fèt e li fèt pou gen ladann:
  - Dat, lè, kote yo te metrize oswa izole pitit ou
  - Pandan konbyen tan yo te metrize li oswa izolel
  - Tip metrize yo te itilize
  - Non moun la oswa moun yo kit e swa sèvi ak oubyen ede nan metrize oswa izole pitit ou
  - Non moun la oswa non “moun ki pa elèv” ki temwen metrize oswa izolman pitit ou
  - Yon deskripsyon sak te pase a, ki gen ladann:
    - Nan ki aktivite oswa tip enteraksyon pitit ou tap patisipe anvan konpòtman ki fè yo metrize oswa izolel.
    - Konpòtman kit e mande pou yo metrize oswa izolel
      - Strateji pozitif yo itilize pou swa evite oubyen diminiye konpòtman an (yo)
      - Kijan yo detèmine ke te gen kokenn chenn ris blesi oswa lanmò pitit ou oswa lèzòt.
      - Kisak pase ak pitit ou imedyatman aprè yo sispann metrize oswa izolel
      - Eske pitit ou sibi blesi, mak vizib, oswa posiblite ijans medikal, ak
      - Ki pa yo swiv pou notifye w.

**K.Kilès kab fè swivi rapò ak konpilasyon done yo?**

Tout rapò ensidan fèt pou prezante ba direktè lekòl la, Direktè Distri Edikasyon Eksepsyonèl la, ak Depatman Edikasyon la Florid. Depatman an oblije kenbe done total nan ensidan ki kontrent oswa entimite ak vantile done a pou analiz nan konte, lekòl, èksèsyonalite elèv, ak varyab lòt.